



5.1 EGZÈSIS KONTINYITE BIZNIS - KESYON DISKISYON

ENSTRIKSYON

Itilize kesyon sa yo pou gide w atravè chak senaryo. Kòmanse li Modil 1 an, epi reponn kesyon ki make “Modil 1” an wouj. Yon fwa ou fini avèk yo, ale nan Modil 2. Apre reponn kesyon ki koresponn ak li yo anba “Modil 2” ki make an wouj.

MODIL 1 KESYON DISKISYON

Plan aksyon ijans: Kominikasyon	
Kiyès ki responsab pou notifie moun oswa antite sou ijans lan?	
Kiyès ki pou notifie epi kibò pou sere enfòmasyon kontak yo?	
Ki sistèm avètisman oswa notifikasyon ki va itilize pou kominike pandan entèripsyon an? Ki kote sistèm sa ye?”	
Ki enfòmasyon ou ta dwe mete nan notifikasyon an?	
Plan aksyon ijans: Evakyasyon	
Si n ap evakye, ki kote zòn rasanbleman ou deziyen an ap ye?	



Ki kote w ap deziyen kòm zòn asistans pou evakyasyon anndan batiman an, pou anplwaye oswa kliyan ki gen pwoblèm pou deplase?	
Kiyès ki responsab pou ede moun ki gen pwoblèm pou deplase?	
Èske w gen kat ki dekri wout pou chape an ijans?	
Plan aksyon ijans: Refij sou plas	
Si w ap pran refij sou plas, kibò zòn refij ou deziyen an ap ye?	
Kibò ou deziyen pou estoke founiti sekirite yo?	
Kiyès ki responsab pou fèmen sistèm vantilasyon ak kote pou lè antre ?	
Plan aksyon ijans: Sekirize byen ak materyèl	
Si l an sekirite pou fè sa, ki byen ak materyèl k ap bezwen pou sekirize?	
Kibò byen ak materyèl sa yo?	



Ki dèlè ou estime l ap pran pou sekirize byen oswa materyèl yo ?	
Plan aksyon ijans: Gid entèvansyon ijans	
Èske w ka suiv youn nan gid entèvansyon ijans yo nan sitiyasyon sa a?	
Plan kontinyite biznis: Fonksyon esansyèl biznis	
Ki fonksyon esansyèl biznis sitiyasyon sa a afekte?	
Ki fonksyon biznis ki pi enpòtan ou idantifye ki bezwen pase an premye?	
Plan kontinyite biznis: Estrateji kontinite	
Estrateji kontinite: Ki aksyon ou menm ak ekip ou ap pran pou kontinye ak fonksyon esansyèl biznis kritik epi ki wo, sitiyasyon sa a afekte yo?	
Entèdepandans: Èske genyen lòt antite ki bay resous oswa sipò pou fonksyon sa yo?	



Rezilta: Kiyès k ap itilize rezilta fonksyon sa yo?	
Obligasyon: Èske gen moun ou oblije enfòme si fonksyon esansyèl biznis sa a gen entèripsyon?	
Plan kontinite biznis: Sistèm kominikasyon	
Èske ou bezwen voye yon mesaj ijans? Si wi, bay kiyès?	
Ki sistèm prensipal ou itilize pou kominike andedan òganizasyon an? Èske gen dosye sovgad?	
Ki sistèm prensipal ou itilize pou kominike ak kliyan, vandè, founisè, ak regilatè andeyò òganizasyon a ? Èske gen dosye sovgad?	



MODIL 2 KESYON DISKISYON

Plan kontinite biznis: Estrateji restorasyon	
Montre estrateji restorasyon ou bezwen pou restore fonksyon esansyèl biznis, epi relanse operasyon nòmal.	
Ki enpak entèripsyon sa a te genyen sou finans epi kijan pou abòde yo? Konsidere resous ki disponib pou restorasyon, kouvèti asirans ak lòt opsyon sou asistans finans.	